*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№157 (26609)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 29 август – майрæмы мæйы 29 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ УАВÆРТÆ
*Иумæйаг ахуыртæ сарæзтой*

3 ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæугæ лæвар нæ кæстæртæн*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

Федералон æмвæзады

## Социалон-экономикон рæзты нысантæ

**Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ цы æмбырд скодта, уым равзæрстой Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты нысантæ 2027-2028 æмæ 2029 азтæн.**



Видеобастдзинады руаджы ныхасы архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, иннæ регионты бæрнон кусджытæ. Социалон-экономикон рæзты нысантæ фидаргонд æрцыдысты Уæрæсейы Хицауадæй, æххæссынц социалон-экономикон объекттыл цалдæр къабазы. Ома, æнæниздзинад хъахъхъæнынад, ахуырад, культурæ, спорт æмæ цæрæуатон-коммуналон хæдзарады.

Æппæт ацы нысантæ царды уадзынц цалдæр азы дæргъы, уæдмæ республикæйы фæзынд бирæ ног объекттæ, рацарæзт баййæфтой рагон бæстыхæйттæ. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы хъæпприсæй ацы нысантæм бахастой Горæтгæрон æмæ Мæздæджы районты райрæзты хъуыддæгтæ. Сергей Назаров куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй нысанты пъланы ис 49 алыхуызон объекты, сæ аргъ у 14 миллиард сомы.



Ныртæккæ куыстытæ цæуынц Беслæны «Зæдты горæт»-ы мемориалон комплексы, Дзæуджыхъæу æмæ Чермены аразынц ног скъолатæ, Беслæн æмæ Мæздæджы – сывæллæтты аивæдты скъолатæ, Октябрыхъæуы цалцæггонд цæуы Культурæйы галуан. РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар куыд загъта, афтæмæй ацы документ стыр ахъаз фæуыдзæн республикæйы размæцыдæн. «Кусæм бæстæйы Экономикон рæзты, федералон иннæ бæрнон ведомствæтимæ. Цæмæй нæ объекттæ федералон программæтæм æмæ национ проекттæм хаст цæуой, уый тыххæй афойнадыл æрвитæм курдиæттæ», – загъта Дзанайы-фырт.

Кæронбæттæны æмбырды архайджытæ равзæрстой, ныртæккæ цы курдиæттæ æрбарвыстой, уыдон документтæм бахæссыны хъуыддæгтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æвзæрстытæ

## Кандидаттæ сбæрæг сты

**Республикæйы Сæргълæууæг сæвзарыны тыххæй Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Владимиры фырт Путин 2021 азы 21 декабры Федералон закъоны 23-æм статьяйы 7-æм хаймæ гæсгæ РЦИ-Аланийы Парламентмæ æрбарвыста æртæ кандидатурæйы.**




**Уыдоны нымæцы сты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг, Æппæтуæрæсеон политикон парти Иугонд Уæрæсейы цæгатирыстойнаг регионалон хайады нымæрдар Сергей Иваны фырт Меняйло, цыбыргонд бæрнондзинады æхсæнад «Селенгауголь»-ы генералон директоры хæдивæг Олег Викторы фырт Варнавин æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты депутат, культурæйы паддзахадон бюджетон уагдон «Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры» директор Дудайты Аланы фырт Чермен.**

**«РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы тыххæй РЦИ-Аланийы Конституцион закъонмæ гæсгæ РЦИ-Аланийы Парламенты 54-æм æмбырды 20 сентябры РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæ æвзардзысты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг.**

Цыбырæй

## Сæйраг æргом – нырыккон гæнæнтæм

**Дзæуджыхъæуы 4-æм поликлиникæйы сæвæрдтой медицинон реабилитацийы ног нырыккон аппараттæ.**

Райстой сæ национ проект «Æнæниздзинад»-ы фæлгæты. Дзæбæх дзы кæндзысты къæхты низтæ, инсульт, стæй онкологийæ рынчынты. Медицинон реабилитацийы хайад поликлиникæйы кусы ныр иу азы бæрц, уæрæх дзы пайда кæнынц рынчынты дзæбæх кæныны нырыккондæр мадзæлттæ æмæ гæнæнтæй.

Хайады сæргълæууæг **Зембатты Азæмæт** нæ уацхæссæгæн куыд радзырдта, афтæмæй арæзт цæуынц æппæт мадзæлттæ дæр, цæмæй æххуысхъуаг чи у, уыцы адæм тыхст мацæмæй æййафой, бирæ рæстæг ма æнхъæлмæ кæсой рады, алы гæххæттытæ æмæ документтæ агурыныл сæ рæстæг ма сафой.

## Ахадгæ лæвæрттæ – ног ахуыры азмæ

**Æппæтуæрæсеон акци «Скъоламæ иумæ»-йы фæлгæты 19 фыццагкъласонæн бирæсывæллонджын бинонтæй балæвар кодтой ахуырдзауы ног хызынтæ.**



Уыцы хъæппæрис равдыстой Адæмон фронты регионалон штаб, Ирыстоны районы социалон æххуысы комплексон центр æмæ меценаттæ. Уыцы акцийæ иуварс нæ баззадысты Тæрхонадон пъырыстыфты Цæгат Ирыстоны управленийы кусджытæ дæр – æртæ бинонтæн балæвар кодтой скъоладзауы дзаумæттæ райсынæн сертификаттæ.

Адæмон фронты регионалон штабы æмсæрдар **Дзоблаты Алинæ** куыд загъта, афтæмæй скъоладзауы уæлæдарæс, къахыдарæс, фыссæн дзаумæттæ, чингуыты дзæкъултæй сифтонг кодтой æххуысхъуаг сабитæ æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы бинонты.

Тæрхонадон пъырыстыф **Хасан Карашев** та бахахх кодта: «Тæрхонадон пъырыстыфты Цæгат Ирыстоны управлени фыццаг хатт нæ архайы акцийы «Скъоламæ иумæ»-йы. Адæмон фронтимæ иумæ мах дæр нæ управленийы номæй раттæм скъоладзауы хъæугæ дзаумæттæ райсынæн сертификаттæ, иудадзыг дæр хæрзаудæн æххуыс кæнæм цыбыркъух бинонтæн ахуыры ног азы агъоммæ».

**Нæ уацхæссæг**

Ахсджиаг хъуыддаг

## Сенаторы фембæлд фæсивæдимæ




**РЦИ-Аланийы сенатор Уæрæсейы Федерацийы Виталий НАЗАРЕНКО уыд «Классная встреча», зæгъгæ, ацы æппæтуæрæсеон проекты уазæг. Проект сарæзта «Движение первых», зæгъгæ, ацы æхсæнадон организацийы регионалон хайад Дзæуджыхъæуы.**

Змæлды раззагдæр архайджытимæ сенаторæн бацайдагъ æргом ныхас, регионалон проекттæ царды уагъд куыд цæуынц, уый фæдыл. Фембæлды ма архайдтой РЦИ-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Джусойты Руслан**, змæлды регионалон хайады Советы сæрдар, нæ республикæйы Парламенты депутат **Хъесаты Ирыстон**, Профессионалон цæттæдзинады центры разамонæг **Кучиты Батрадз** æмæ Цæгат Кавказы арæстадон техникумы директоры хæстæ æххæстгæнæг **Бататы Фатимæ**.

Виталий Назаренко бæстон æрныхас кодта УФ-йы Федерацийы Советы йæ архайды тыххæй, стæй кæстæрты бирæ фарстытæн дзуаппытæ фæлæвæрдта. Фæсивæды фарстытæ баст уыдысты канд профессионалон цæттæдзинадимæ æмæ сенаторы куыст æмæ архайды фæндæгтимæ нæ, фæлæ ма царды бирæ цы уарзы, йæ зæрдæмæ тынгдæр цы цæуы, æппæт уыдæттимæ.

Фембæлды рæстæг æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ бавдыстой, ахуырадимæ, патриотон хъомыладимæ, бархиондзинад æмæ æндæр социалон проекттимæ баст цы хъæппæристæ бацæттæ кодтой, уыдон. Сæ цæттæдзинадæн Ваталий Назаренко скодта стыр аргъ.

– Нæ фæсивæд сты тынг курдиатджын æмæ ныфсджын. Цы проекттæ бацæттæ кодтой, уыдон се 'ппæт дæр социалон æгъдауæй сты хъæугæ æмæ ахсджиаг, æмæ сæ царды цæмæй рауадзой, уымæй сын се 'ппæтæн дæр бахъуыс кæндзынæн, мæ гæнæнтæ цас амонынц, уый бæрц, – загъта Виталий Назаренко.

Республикæйы æхсæнадон-политикон царды стыр разæнгардæй кæй архайынц æмæ ахсджиагдæр социалон проекттæ царды рауадзыныл зæрдиагæй кæй кусынц, уый тыххæй сенаторы Арфæйы гæххæттытæй хорзæхджын æрцыдысты змæлды регионалон хайады раззагдæр архайджытæ **Моурауты Данæ, Бекъойты Дианæ** æмæ **Джиоты Сæрмæт**.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ, УФ-йы сенаторы æххуысгæнæг**

## Дзырды фарн

*Хæлæг æмæ æдзæстуарзонæй бæстыл азар æфтауы.*

*ÆМБИСОНД*

Боныхъæд: Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **29 августы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-21 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,19
Хурыскаст — 05,22
Хурныгуылд — 18,42

Валютæйы аргъ
Доллар — 85,95
Евро — 100,03

12 +

Хъуыддаджы ныхас

# Културæйы рæзт æмæ инфраструктурæйы рацарæзт

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ фембæлд Уæрæсейы Културæйы министры хæдивæг Владимир ОСИНЦЕВИМÆ. Рæгъмæ рахастæуыд Цæгат Ирыстоны културæйы рæзты æмæ инфраструктурæйы рацарæзты нысантæ.**



Регионы Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы аз республикæйы културæйы хъуыддæгтæ саразынæн дихгонд æрцыд 520 милуан сомæй фылдæр. Стырдæр проекттæ – Беслæны музейон-патриотон дунеон центр, Тауасийы-фырты номыл Сывæллæтты аивады скъолайы бындурыл креативон индустрийы скъола, Беслæны æмæ Мæздæджы сывæллæтты аивæдты скъолатæ саразын, Октябрскийы хъæуы – Културæйы галуаны, Æрыдон æмæ Мæздæджы библиотекæты бындурон цалцæг, нырыккон библиотекæйы арæзтад Дзæуджыхъæуы.

Фæрæзтæ нысангонд сты музейтæ æмæ сывæллæтты аивæдты скъолатæ ифтонг кæнынæн, «Културæйы хъæууон кусæг»-ы программæйæн, театртæ æмæ културæйы хæдзæрттæн æххуысæн, чингуыты фондтæ хъæздыгдæр кæнынæн. Рæгъмæ рахастæуыд Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры рацарæзт. Бæстыхай арæзт æрцыд 1968 азы, хаст у регионы културон бынтæм, домы бындурон рацарæзт. Фарстайы тыххæй ныхас уыд Уæрæсейы Президент Владимир Путин æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы ‘хсæн. Уымæй дарддæр фæбæрæг кодтой хæстæгдæр фидæнмæ курдиæттæ бадæттыны хъуыддаг. Уый фæстæ рахызтысты културæйы объектты рацарæзтмæ, ома, библиотекæйы арæзт кæй æрцæудзысты, ууыл. Библиотекæтæй æхсæз æххуыс кæй райсдзысты, уый дæр бæрæггонд æрцыд. Рæгъмæ ма рахастой културæйы артдзæсттæ, сывæллæтты аивæдты скъолатæ хъæуы аразын, цалцæг кæнын, профилон кусæндæттæ домынц ифтонгад.

«Културæйы хъæууон кусæг»-ы программæмæ балæвæрдтой 17 курдиаты, республикæ йæ зæрдæ дары, нырыккон дыууæ æндæр ахсджиаг фарстатæ дæр. Дзанайты Барисы ныхасмæ гæсгæ, федералон æмкусджыты ‘рдыгæй æнкъарынц стыр æххуыс æмæ æмбарындзинад.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æнæнхъæлæджы уавæртæ

# Иумæйаг ахуыртæ сарæзтой



Æвæстиатон службæты æнаипп архайды фæрцы зынгсирвæзт цыбыр рæстæгмæ ахуыссын кæнын бантыст, артæй кæй аирвæзын кодтой, уыцы адæймæгты та бакодтой дохтырты бæрны.

Ахуыртæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, бæстæйы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Сергей Веретенников** зæгъы:

– Ведомствæты æхсæн æмархайдæн ис стыр ахадындзинад. Амынд нывыл карст ахуырты фæрцы ис зынгхуыссынгæнджыты цæттæдзинад, стæй æвæстиатон службæты æхсæн æмгуыстады ахадындзинад рабæрæг кæныны фадат. Хатгай суворовон училищæйы хуызæн ахсджиаг объектты кæй бауадзынц, уыцы рæдыдтытæ уæззау фæстиуджытæ кæй расайынц, уый нымайгæйæ, æппæтæй зындæр сценаритæм гæсгæ архайæм.

Амынд тренировкæйæн стыр аргъ скæнгæйæ, училищæйы разамынды минæвар куыд загъта, афтæмæй иумæйаг ахуыртæ адæмы æдасдзинадæн ахъаз кæнынц.

**Адæм æхсæвæй-бонæй кæм вæййынц, Дзæуджыхъæуы æрбынæттонуæвæг Цæгат Кавказы ахæм æфсæддон суворовон училищæйы ацæуæг зынгсирвæзтæй бахизыны фæдыл парахат ахуырты зынгхуыссынгæнджытæй фæстæмæ архайдтой медиктæ, стæй газ- æмæ электрон тыхуадзæг кусæндæтты специалисттæ (æдæппæт – 70 адæймаджы бæрц).**



Таурæгъмæ гæсгæ, электрон тыхуадзæн телты аиппы аххосæй училищейы бæстыхайы фыццаг уæладзыджы æрбынæттонуæвæг библиотекæ судзын райдыдта. Автоматон зынгсирвæзтон сигнализаци скуыста, æмæ адæм бæстыхайæ æддæмæ цæуын райдыдтой. Администрацийы дæсны архайды фæрцы цалдæр минутмæ 433 курсанты æмæ 30 ахуыргæнæджы æдас ранмæ рацыдысты.

Сценаримæ гæсгæ, къæлидортæ æмæ схизæн къæпхæнтæ арт æмæ фæздæгæй кæй байдзаг сты, уый аххосæй дыккаг æмæ æртыккаг уæладзджыты кусæнуæтты баззайæг цалдæр адæймагæн æддæмæ рацæуыны фадат нал уыд, артæй фætæрсгæйæ, училищæйы хъомылгæнинæгтæй иу та бæстыхайы сæрмæ схызт. Ахуырты пълaнмæ гæсгæ, арт бæстыхайы сæрмæ схæццæ, æмæ афтæмæй конструкцитæн ныккæлынæй тæссаг уыд. Дзæуджыхъæуккæгтæй фæстæмæ фыдбылызы бынатмæ æрбацыдысты Рахизфарсы æмæ Горæтгæрон районты зынгхуыссынгæнджытæ, тагъд медицинон æххуысы бригадтæ, стæй газуадзæн службæйы специалисттæ æмæ энергетиктæ. Газуадзджытæ æмæ электриктæ уайтагъд æруырæдтой бæстыхайы коммуникацитæ, медиктæ та дзырдмæ хъыгдардбаййафджытæн æххуысгæнæн бынат æрæвæрдтой.

Æнæкъуыхцыйæ архайгæйæ, зынгхуыссынгæнджытæ æмæ ирвæзынгæнджытæ бæстыхайы мидæг æмæ йæ сæрыл баззайæг адæймæгты раивтой æдас ранмæ, стæй арт хуыссын кæныны куыст дарддæр æххæст кодтой.

**УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг сæйраг управленийы пресс-службæ**

31 августы – Ветеринарон кусæджы бон

# Хъæугæ дæсныйад равзæрстой

**Хъæуы цæрæг адæмæн сæ хъæздыгдзинад хæдзарон фос сты. Фосдарджытæн се стыр ныфс сты ветеринарон кусджытæ. Афтæ, Црауы цæрджытæ дæр бахъуаджы рæстæг уайтагъд фæдзурынц фосы дохтыртæм.**



ПЛИТЫ Неля, ÆЛБЕГАТЫ Эльвирæ æмæ ЗÆНДЖИАТЫ Иринæ

Хъæуы ветеринарон участочы кусынц дæсны специалисттæ, сæ фæлтæрддзинады, сæ арæхстджын æмæ зæрдиаг куысты тыххæй арæх фехъусынц арфæйы ныхæстæ. Хъæугæ хостæ скæнынц рынчын фосæн, стæй сæм дарддæр куыд зилын хъæуы, уый бамбарын кæнынц.

Бирæ азты ветеринарон участокæн разамынд лæвæрдта **Æлбегаты Эльвирæ**. Æнусы ’рдæгæй фылдæр чи кусы, уымæн йæ дæсныйады æппындæр ницы сусæгдзинæдтæ ис. Ветеринарон дохтыр **Зæнджиаты Иринæ** дæр у дæсны кусæг, æрыгон специалистæй кусын куы райдыдта, уæдæй 36 азы рацыдис. Йе ’мбæлттæй гыццыл фæстæдæр æрбацыд коллективмæ **Плиты Неля**, ныр 30 азы лæггад кæны адæмæн. Иууылдæр сты хъæууонхæдзарадон институты ветеринарон факультеты рауагъдонтæ. Бирæ æндæр дæсныйæдты ’хсæн хуымæтæджы нæ равзæрстой хъомты дохтыры куыст. Сæхæдæг куыд зæгъынц, афтæмæй æнæмæнг уарзын хъæуы цæрæгойты, баххуыс кæнынмæ сын хъуамæ цæттæ уай. Æнгом æмæ куыстхъом коллективы алчидæр зоны æмæ уарзы йæ куыст.

Советон рæстæг ма куы уыдис, уæд Црауы быдырты бирæ фос хызтис. Æрмæст стурвос æмæ дуцгæ хъомтæ мины бæрц уыдысты. Иу уый бæрц дарддтой фыстæ æмæ хуытæ дæр. Ныртæккæ, хъыгагæн, сæ нымæц цалдæр хатты фæкъаддæр ис, фæлæ уæддæр бирæ бинонтæ дарынц хи хæдзарæдтæ. Фæстаг нымадмæ гæсгæ, хъæуы стурвос дарынц 587 сæры, уыимæ, хуытæ, фыстæ, бæхтæ, дыууæ мины бæрц та – мæргътæ. Ветеринарон участочы кусджыты хæс у, тæссаг æмæ хæцгæ вирусон æмæ бактериалон низтæ ма ’руадзын, афойнадыл прививкæтæ скæнын. Арæхдæр фæзыны сыбираг хъæдгом, ящур, æрраниз, бруцеллез, стæй уы, куы фæтæрса, уæд æвзæр цæф дæр ныккæндзæнис. Уæдæ ветеринарæн тæссаг у, фосы низ ыл куы бахæца, уымæй, зæлæппынвосы низтæ. Тынг ахсджиаг у, цæмæй адæймагыл низтæ ма бахæцой, уый тыххæй æвæстиатæй вакцинаци хъæуы скæнын. Æрранизы ныхмæ вакцинаци скæнын та закъон домы.

– Раст фæзæгъынц, нæ куыст у хъæугæ, стæй зын. Цæмæй нæ размæ æвæрд хæстæ сæххæст кæнæм æмбæлгæ уагыл, уый тыххæй æрмæст профессионалон зонындзинæдтæ фаг не сты. Арæх ахæм уавæрты бахауæм, æмæ, укол кæнгæйæ, фосыл нæхи хæцын бахъæгъæм, бруцеллез, туберкулез æмæ æндæр низтæ, – зæгъы Зæнджиаты Иринæ.

Ветеринары куыстытæм хауынц диагностикон мадзæлттæ, операцитæ æмæ вакцинацитæ, уыдон та домынц адæймагæй тыхтæ. Ноджы ма консультацион æмæ профилактикон куыст. Фæллайгæ дæр бакæнынц, сæ улæфты рæстæг дæр рацæуынц. Фæлæ Эльвирæ, Иринæ æмæ Неля сæ уарзон куыстмæ цæуынц æнæзивæгæй.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Цæстдард

# Наркотик æнæзакъонæй балхæдта



**Уголовон кодексы 228 статьяйы 2 хайы («Бæрцæй фылдæр наркотикон фæрæзтæ æнæзакъонæй балхæнын æмæ сæ дарын») амынд фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, Рахизфарсы районы прокуратурæ уыцы 45-аздзыд цæгатирыстойнаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

**Куыд рабæрæг, афтæмæй, фыдракæнд саразынæй кæй ахходжын кæнынц, уыцы адæймаг ацы азы июлы Рахизфарсы районы территорийы æнæзакъонæй балхæдта 200 граммæй фылдæр наркотикон фæрæз æмæ йæ йæхимæ æфснайдæй дардта.**

**Закъонхалæг нæлгоймагмæ баджигул кæнгæйæ, пъæлицæйы кусджытæ йæм наркотиктæ ссардтой æмæ сæ байстой.**

**Зылынгæнæг хатдзæджы халдих радтыны фæстæ уголовон хъуыддаг барвыстой Рахизфарсы районы тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.**

**Амынд фыдракæнд саразæг адæймагæн рахæссæн ис 10 азы онг ахæстоны фæбадыны тæрхон.**

*РЦИ-Аланийы прокуратурæйы пресс-службæ*

Хуссар Ирыстонæй

# Илциисæн службæйы нывылдзинад



**Уæрæсейы Илциисæн федералон службæйы разамонæджы хæдивæг Таьяна МЕРКУШЕВА фембæлд Хуссар Ирыстоны Президенты хæстæ æххæстгæнæг ХЪАМБОЛТЫ Маратимæ æмæ республикæйы Илциисæн комитеты сæрдар БАСИТЫ Асланимæ.**

Фембæлды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй дыууæ бæстæйы илцтисæн ведомствæты ‘хсæн æмгуыстад уæлдæр æмвæзадмæ схызт. Ныхас бацахстой практикон фарстатæ, илциисæн службæйы кусджыты, сæ бинонты пенсион æфсисады тыххæй разыйы документ бафыссыны, илциисыны хъуыддаджы æххуысы æмæ æмгуыстады гæххæтт бацæттæ кæныны нысантæ.

Кусæг балцы рæстæг Татьяна Меркушева бабæрæг кодта уадзæн пункт «Дæллаг Зæрæмæг», федта, хъуыддаг куыд арæзт у, уый, æргом аздæхта рацарæзты фæстæ ивддзинæдтæм. Куыд зонæм, афтæмæй 3 августæй уадзæн пункты скуыста транспорты змæлды ног хуыз, машинæты гуылфæн дихгонд цæуы. Арæнты сæрты ахизыны рæстæг зынгæ фæкъаддæр.

Машинæтæ цæуæн тæлмытæ фæфылдæр сты, ныртæккæ сæ нымæц у 11, бæлццæттæн фæзынд ноггонд терминал, цæстдарæн нырыккон фæрæзтæ сæ куыст кæнынц. Шофырты æдасдзинады тыххæй дзы ис инновацион навигаци: рухсдæттæг фæндаггон нысантæ, фæндаг амонæг рухсдæттæг маяктæ, информацион экрантæ. Цавæрфæнды боны ахасты, æхсæвыгон дæр алцыдæр бафиппайæн ис.

Уæрæсейы Илциисæн федералон службæйы разамонæджы хæдивæг куыд загъта, афтæмæй объектæн ис стратегион ахадындзинад, дыууæ бæстæйы ‘хсæн æххæст кæны бастдзинады хæстæ, æмæ йæ дарддæры рæзтыл хъæуы бакусын.

**УФ-йы Илциисæн службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**




Ирон хабæрттæ

# Тырсы захъайаг «марды» куыд фæхастой...

Захъайаг Тырсымæ бафтыд йæ хæстæджытæм æмæ дзы иу къуырийы бæрц хорз фæкъеф кодта. Цыбыр дзырдæй, хæдзарæй хæдзармæ йæ фæхуыдтой – алы ран дæр кусарт, нозт æмæ хойраг – къубалмæ. Фыццаг æртæ-цыппар боны йæхи зæрдæмæ дæр тынг цыди, рахон-бахон æй кæй кæнынц, уый, фæлæ, мæнæ куыд фæзæгъынц, æгæр цæхджын дойны кæны, уыйау захъайаг сфæлмæцыд æрвылбон дзаг фынджы уæлхъус бадынæй, стæй хæдзармæ дæр йæ зæрдæ æхсайын байдыдта. Æрцыд кæм вæййы, уым ма фæцыд дæр вæййы. Изæры-иу куы хуыссыди, уæд-иу загъта, райсом раджы æнæцæугæ нæй, фæлæ та-иу кæс, æмæ хонджытæ фæзынди.

Афтæ – бонæй-бонмæ. Уалынмæ ахæм цъаммар рæстæг скодта, æмæ æддæмæ ракæсæн нæ уыд.



Тырсыйы æфцæгæй митдымгæ дымдта, æмæ цыма æппæт кæмтты дымгæтæ уырдыгæй лæбурдтой. Цыбыр ныхасæй, ахæм рæстæг хорз хицау йæ куыдзы къæбылайы дæр æддæмæ нæ атардтаид.

Иу заман захъайаг æхсæвы нозтвæлладæй рабадт, йæ дзаумæттæ йæ уæлæ акодта æмæ цæуыныл ныллæууыд. Хъæуæй æрхызт коммæ æмæ йæ гуыр сарæзта Тырсыйы æфцæгмæ. Цæугæ бæргæ кодта, фæлæ æдас нæ уыди, куыд вæййы, цы вæййы, иунæгæй уæд та искуы миты хъæпæны ныссагъд кæнæ, Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ ахæм æвзæр рæстæджы балбирæгъ дæр æрбамбæлы, стæй нозтвæлладæй æфцæджы сæрты нæ, фæлæ ам миты сæрыл цæуын дæр зын у. Сæры алыхуызон хъуыдытæ фæйлыдтой, æмæ-иу йæхинымæр загъта: «Гъæй-джиди, æмæ ныр дзæбæх бæх... Нæ, саргъы бæхæй дзонығъ хуыздæр уаид, стæй фæлмæн фæсалæй йедзаг куыд уа, афтæ, йæ уæлæ бынæйдаргæ нымæт дæр хорз уаид». Ахæм хъуыдытимæ захъайаг фæцæйхæццæ кодта Ресы хъæумæ. Нæ, хъæумæ æххæст нæма бахæццæ, афтæ кæсы, æмæ уæртæ цалдæр сылгоймаджы сæ къæртатимæ рацæуынц. Цы базонын æй хъуыди, адон донмæ кæй рараст сты. Сонтæй йæ сæры ахæм хъуыды смидæг æмæ йæм миты рагъыл нæ, фæлæ сæхимæ къонайыл хъарм пецы цур бадгæйæ дæр чи нæ фæзындаид. Цыбыр ныхасæй, захъайаг миты рагъыл йæхи дæлгоммæ кæлæхы галау аппæрста, цæстытæ æрæхгæдта æмæ йæхи мæрдгъуыз скодта. Иу цъус куы ахуыссыди, уæд йæхи дæр бауырныдта, цыма мæлгæ акодта æмæ ингæны фестад, афтæ.

Сылгоймæгтæ йæ ауыдтой æмæ цъæхахст æмæ хъæр куыннæ систаиккой, иутæ дзы фæстæмæ лидзгæ хъæуы ’рдæм, иннæтæ йæм дардæй кастысты æмæ оххытæ кодтой. Уæдмæ Ресæй рафæдис сты, æркастысты йæм æмæ йæ чидæр базыдта: «Арæбын, кæд ма исты зонын, уæд ацы лæг Джимарайы Берозты уазæг у, абайтыхъæуккаг».

Чи зæгъы, хъæумæ йæ схæссæм, чи та фæстæмæ – Джимарамæ Берозты хæдзармæ.

Захъайаг тарст, хъæумæ йæ куы схæссой, науæд æй Джимарайы куы смидæг кæной, уымæй дæр, фæлæ гæнæн нæ уыди, æмæ мæнæ хуы къæрцмæ куы фæхъус уа, уыйау ныхъхъус. Уæдмæ Ресы хистæртæ дæр рахæццæ сты, æмæ мæссæлытæ (тæфæрфæстæ) ракодтой, «зианы» раз цы адæм лæууыдис, уыдонæн. Хъæуы хистæр йæ уынаффæ загъта: «Хъæумæ дæр æй нæ хъæуы хæссын æмæ Джимарамæ дæр. Мæнæ адæм сæхи мæрдтæ цы фæкæной, уый куы нæ зонынц, фæлæ йын хæссæнтæ скæнут æмæ йæ Абайты хъæумæ фæхæццæ кæнут, йæ хæдзармæ». Цы гæнæн уыди фæсивæдæн, хистæр куыд загъта, афтæ бакодтой. Хæссæнтæ скодтой, бынæй дзы нымæт байтыдтой, уæле дæр – афтæ, йæ цæсгом ын бамбæрзтой æмæ йæ хæссынц Абайты хъæумæ. Уыцы æвзæр фæндæгтыл, уæвгæ – цæй фæндаг æмæ цæй æндæр, хъизæмаргæнгæ йæ Абайты хъæумæ ныххæццæ кодтой. Хъæуæй ничима зыдта, «судзгæ» мард сæ хъæугæрон кæй и, уый, афтæмæй цыдæриддæр хъæуы куыдз уыди, уыдон ралæбурдтой æмæ алырдыгæй бырстой тырсыйæгтæм. Цæмæй атардтаиккой уыцы куыйты, нæ – лæдзæг, нæ – дур, иуыл ма дзы хæцгæ дæр фæкодтой. Иу куыдз та дзы, захъайаг цы нымæтыл хуыссыд, уый айвæзта æмæ, гыццыл ма бахъæуа, йæ тъæпп митыл ма фæцæуа. Захъайаг бамбæрста, йæ хъуыддаг хорз нал у, уый. Куыйтæ ма иу зылд куы æрбакæной, уæд æй йæ æрчъийæ хуыссæнæй дæр радавдзысты. Ноджы йæ чи хаста, уыдон æй сæхицæн тæрсгæйæ, дæлиау æруагътой.

Захъайаг йæхицæн бынтон куы старсти, уæд йæ хæсджытæм сдзырдта:

– Гъе гормæттæ, уæ хорз хорз у æмæ мæ уæлдæр сисут, кæннод куыйты амæттаг кæнын...

Дарддæр цы уыди, уым диссагæй ницуал ис, захъайаджы тырсыйæгтæ нæмгæ дæр ракодтой, фæлæ сæ Абайты хъæу афтæ суазæг кодта, æнæхъæн къуыри сæ нæ рауагътой. Фæстæмæ куы цыдысты, уæд сыл куыйтæ рæйгæ дæр нал кодтой, сахуыр сыл сты...

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ», Дзæуджыхъæу, 1998 аз**

Ахудынæн

## Нæ йыл ауæрдынц...

**Ныртæккæ газеттæ рафæлдах, радио кæнæ телевизормæ байхъус, уæд ныхас цæуы æрмæстдæр Украинæйы хæст, экономикон кризис æмæ карз нозты тæссаг фæстиуджыты тыххæй.**




Уыимæ, диссаг иу хъуыддаг у – кæд фыццаг дыууæ – хæст æмæ кризис – куыд бауромын хъæуы, уый цъиувæдис сисджытæй алчидæр бæлвырд зоны æмæ уынаффæтæ хæссы, фæрсæг æй нæй, афтæмæй, уæд карз нозтæн тыхгæнæг тых нæ ары. Цæуылнæ? Уымæн æмæ йæхæдæг тыхгæнæг у. Сфидар кодтой «сухой закон» 1914-1920 азты. Историктæ куыд фыссынц, афтæмæй Уæрæсейы 1914 азы карз нозты монополийæ къазнамæ æфтиæгтæ бацыди миллиард сомы! Уыцы æгæрон бирæ æхца уыдысты, зæгъын æмбæлы, адæмы тугæй æхсад, паддзахад нымад уыд æппæты «расыгдæртæй» иуыл.

Ноздджын адæймаг цæттæ фыдбылыз у, фыдракæндтæ аразынмæ – æмхиц.

Стæй ма, куыд дзурынц, афтæмæй Уæрæсе æмæ Японы хæсты рæстæг 1905 азы фронтмæ кæй арвыстаиккой, ахæм хæцынхъом адæм нал баззад – карз нозты уацары бахаудысты. Куыдфæстæмæ фыддæрмæ цыд хъуыддаг, æмæ уымæ гæсгæ фæзынд, уæлдæр кæй кой ракодтам, уыцы закъон...

Советон хицауад дæр карз тох расидт нозты ныхмæ цалдæр хатты – 1929, 1958, 1972 æмæ 1985 азты. Уыдонæй нæ зæрдыл лæууы Горбачевы «хæст» сæнæфсиримæ. Бындзагъд сæ ныккæнын кодта, фæлæ уый хыгъд гыццылдæр нуазын нæ райдыдтам. Чи арахъхъ уагъта сусæгæй, чи сæн арæзта алы хъылмайæ, чи – бражкæ, наливкæ, ликер... Хуыцауы дзæгъæлы бабын кодта Молдави, Украинæ æмæ бирæ æндæр рæтты – кæм – æхсай, кæм та – æстай проценты сæнæфсирдæттæ.

Йæ нуæзт искæм иуы йеддæмæ ничи ныууагъта, чи та ма фæтарст, нал уыдзæн, зæгъгæ, æмæ цыфыддæр фæци. Уыцы рæстæг алы куыстуаты дæр хицауад æмбырдтæ арæзтой, кæм лæгъстæ кодтой, кæм та – æртхъирæн нозтуарзджытæм. Иу ахæм æмбырдмæ та тыххæй дуне адæм æрбатардтой фæскуыст. Лекторы горæтæй æрластой, æмæ, дам, æм чи нæ ’рбацæуа байхъусынмæ, уымæн додой йæ къона, иварæй райгæ уæд. Гæнæн нал уыд. Бадынц, хъусынц лекторы æфсæрты уæгъд дзæгъдзæгъмæ, бирæтæ рæхцынц. Æппынæрæджиау куы фæци, уæд залæй ракуырдта, марадз, сымах, дæр, дам, исты зæгъут. Ничи сдардта йæ къух. Уæд Бечмырзæ æфсæрмæй сыстад æмæ горæтаг уазæгмæ дзуры:

– Бауырнæд дæ, хорз лæг, дæ ныхæстæ топпы цæфау раст сты, амы бадджытæй сыл «дыууæ» ничи зæгъдзæн. Арахъхъ не знаг у, нæ марæг. Фæлæ йыл мах дæр нæ ауæрдæм, æнæтæригъæдæй йæ куынæг кæнæм! Уый нæ, фæлæ ма дзы суанг нæ дойны дæр сæттæм!

## Рæстдзинадыл тохгæнæг

**Газеты куыстæй цымыдисагдæр ницы ис, мæнмæ гæсгæ. Советон хицаудзинады рæстæджы журналисттæн сæ бон бирæ уыдис. Адæм сæм сæ хъаст хастой æмæ æууæндыдысты, хъуыддаг рæстмæ ныллыг кæнынмæ сын кæй феххуыс кæндзысты. Æмæ-иу фыдæнхъæл нæ фесты, фылдæр хатт-иу рæстдзинадыл кæд тох кæнын бахъуыд, уæддæр газеты кусджыты дзырдæн аргъ кодтой, куыд уæлдæр хицауад. Афтæ бындæр бадæг чиновниктæ дæр.**




Уыцы заман æз куыстон Æрæфы районы газеты. Хи ’ппæлыны хуызы йæ мачи бамбарæд, фæлæ иу æмæ дыууæ хатты ме ’рмæджыты фæдыл райкомы бюро не ’рымбырд кодтой, рахастой-иу сыл уынаффæтæ, æфхæрд-иу æрцыдысты аххосджынтæ. Гыццыл æртхъирæнгæнджытæ нæ уыд, фæлæ æрыгонæй адæймаг ницæмæй фæтæрсы...

Афтæмæй редакцийы архайды сæйраг рахæцæнтæй иу у газеткæсджыты фыстæджытæм, сæ курдиæттæм сын лæмбынæг кæсын. Уыдис нын æххуысгæнджытæ, æнæштатон уацхæсджытæ, уыдон дæр æхсæнадæн лæггад кодтой, сæ бон куыд уыд, афтæ. Фылдæр хатт-иу телефонæй æрбадзырдтой, ахæм æмæ ахæм хабар ис, æмæ йæ хурмæ рахæссын хъæуы, зæгъгæ. Сæ иу, схонæм æй Джетæгъæз, бынтон нæрæмон «коммунист» уыдис, тæрсгæ ницæмæй кодта. Азтæ йыл кæд дзæвгар рацыд, уæддæр «йæ гæрзтæ» æрæвæрынмæ нæ хъавыд. Иуахæмы та мæм æрбадзинг кодта, раст цæхæртæ калдта, афтæмæй мын радзырдта хъуыддаг, районы хицауадмæ цæуылдæр тынг смæсты æмæ сæм æвзыста. Йæ ныхас куы фæци, уæд иу цъус хъусæй алæууыд, стæй мын «бардзырд» ратта.

– Хъусыс, æз сæ афтæмæй нæ ныуудздзынæн! Уыдон кæмæй хынджылæг скъæрынц?! Мæ номæй æрмæг тынг хъæрæй ныффысс, суанг Мæскуымæ куыд фехъуыса!..

## «Мæгуыр ды дæ...»

**Дыууæ ’фсымæры, Ахъберд æмæ Садуллæ, цæрынц фæрсæй-фарсмæ. Мады зæнæджы ’хсæн дæр хъулæттæ куыд нæ вæййы.**

Ахъбердæй уæздандæр, хиуылхæцгæдæр лæг хъæубæсты зын ссарæн у. Уæдæ йын æгъдау раттынмæ дæр йæ раз ничи айсдзæн – æрмæстдæр зианы хабар фехъусæд, æндæр хъæргæнæгмæ нæ фенхъæлмæ кæсы. Иудзырдæй, комбæсты – нымад лæг.

Бынтон æндæрхуызон у йæ кæстæр æфсымæр. Садуллæ магусайæ – цæлуарзаг, бар æй куы уа, уæд бон сау изæрмæ хъеллау кæндзæн, диваныл хуысгæйæ йæ фæрстæ схауынц. Æцæгæлоны нæ, фæлæ хæстæг хионы зианмæ дæр нæ цæуы, кæд хицæн хæдзарæй цæры, уæддæр йæ хистæр æфсымæрыл йæ зæрдæ дары. Ахъберд ын арæх «лекцитæ» бакæсы, куыдзæй-куыдздæр æй ныккæны, адæмы хъæр бамбарын афон дын у, зæгъгæ, фæлæ Садуллæ къæрттæй цъула не ’ппары, йæ ахуыр нæ халы.

Иу бон та се ’хсæн хъаугъа стынг. Ахъберд, куыд иннæ хæттыты, алывыд калы йæ кæстæр æфсымæрæн, сæ хæстæджыты усы зианмæ кæй нæ ацыд, уый тыххæй. Æппынæрæджиау ын афтæ:

– Ды куы амæлай, уæд дæ зианмæ чи ’рцæудзæн?!

Зивæггæнаг Садуллæ уайтагъд дзуапп ссардта:

– Уый тыххæй ма тыхс, ме ’фсымæр, фæлæ дæхиуыл асагъæс кæн. Æз куы амæлон, уæд мæм дæ сæрмæ гæсгæ тынг бирæ адæм æрцæудзæн. Фæлæ мæгуыр ды дæ. Куы амæлай, уæд дæм мæн сæрмæ гæсгæ чи ’рцæудзæн?..

## «Æлгъыстæн сæ куы дарынц!..»

**Мæ сыхаг «Доценты» худæджы хабæрттæ уын иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтон. Ацы ахуыргонд ном ыл сбадти, чингуытæ бирæ кæй кæсы, уый тыххæй. У уадзымыс, йæ былтæ дын худызмæл дæр нæ фæкæндзæн, афтæмæй дзы ахæм ныхæстæ схауы, æмæ, йæ алыварс чи вæййы, уыдон худæгæй амæлынц.**

«Доцентæн» йæ мадыхо, йе ’мхæрæфыртæ сыхаг хъæуы цæрынц, Дур-Дуры.



Хæстæджытыл æнувыд у, æмæ йын уæгъд рæстæг куыддæр фæвæййы, афтæ фалæрдæм ныццæвы, абæрæг кæны йæ къабæзты. Уыдон дæр æй бирæ уарзынц, æрæгмæ сæм куы фæцæуы, уæд æм чырæг телефонтæ фæхойынц, цы фæдæ, куыд нæ фæзыныс, зæгъгæ. Тæккæ знон дæр та бахæццæ Дур-Дурмæ – йе ’мхæрæфырт Цымырзæ йæм фæдзырдта, тагъд, дам, фæзын, кусарт, дам, акодтон, стыр хуы аргæвстон.

«Доцентæн» бирæ лæгъстæ нæ бахъуыд, фæдисонау йæ саулохаг «æфсæн бæхыл» йæхи баппæрста æмæ фæраст. Бынатмæ уайтагъд бахæццæ, æрфистæг. Ам ыл зæрдиагæй бацин кодтой. «Куыд стут, цы стут?» – кæрæдзийы афæрстытæ кодтой, стæй Цымырзæ дзуры уазæгмæ:

– Дзидза уæларт фыцы, фæлæ йын йæ игæртæ тебæйы физонæг акодтон, æмæ уал уыдонæй ахæрæм.

«Доцентыл» цыма исчи фыцгæ дон бакалдта, афтæ йæ цæсгом ахъулæттæ, æмæ тызмæгæй дзуры фысыммæ:

– Цы, дам, цы?! Адæм сæ, «мæ хуыйы игæртæ бахæр», зæгъгæ, æлгъыстæн дарынц, ды та мын сæ хæрын кæныс?!

Æмбисæндтæ

## Цы у ахсджиагдæр



Иухатт иу бæлæгъы хицау (лодочник) зæронд лæджы фæцæйласта. Зæронд æнæрхъуыдыйæ фæгуыбыр кодта æмæ доны ныххауд, ныгъуылын райдыдта. Бæлæгъы хицау æй фервæзын кодта æмæ йæ рафæрс-бафæрс кæны. Куыд рабæрæг, афтæмæй зæронд лæджы бацагуырдтой къниазæн уынаффæгæнæгæй. Бæлæгъы хицау тынг бадис кодта:

– Ды æппындæр ленк кæнын нæ зоныс. Æз та кæсагау хорз ленк кæнын, уæд къниаз дæу цæмæ бацагуырдта?

Зæронд лæг загъта:

– Ды бæлæгъы хицау дæ, æмæ дæм афтæ кæсы, царды æппæты вазыгджындæр хъуыддаг ленк кæнын кæй у. Зæхкусæгмæ афтæ кæсы, ахсджиагдæр хор æрзайын кæнын у. Цуанонмæ афтæ кæсы, уый хъуыддаг æппæты вазыгджындæр кæй у. Фæлæ се ’ппæт дæр рæдийынц. Рæстдзинад та ахæм у. Хъæуы, цæмæй иуæйиу адæймæгтæ хорз ленк кæнын зоной, иннæтæ – хорæрзады бæрзонддзинадыл архайой, æртыккæгтæ зоной сырдты æууæлтæ æмæ рæстдзæвин уой. Æрмæстдæр уæд уыдзæн хъæздыг паддзахад. Фæлæ ды уыцы хъуыдымæ не ’рцыдтæ, æмæ дæ царды фæстаг бонтæм уыдзынæ бæлæгъы хицау. Æз та, ленк кæнын чи нæ зоны, ахæм зæронд лæг, къниазæн æххуыс кæндзынæн паддзахады хъуыддæгты.

**Хъуыды кæнын чи зоны, паддзахады сæргъы хъуамæ уыдон лæууой.**

## Ахæм фæйнæхуызон туфлитæ...

Хуыцауыл æууæндæг дыууæ нæлгоймаджы бацыдысты мæзджытмæ, фæлæ сæхи фæйнæхуызонæй равдыстой. Фыццаг йæ туфлитæ раласта æмæ сæ дуары æдде æрæвæрдта. Дыккаг, туфлитæ йæ роны атъысгæйæ, мæзджытмæ бахызт.

Адæм быцæу кæнын систой, чи дзы растдæр бакодта, ууыл. Иутæ загътой, йæ туфлитæ дуары æдде чи ныууагъта, уый æгæр уæлæнгай цæстæй кæсы, уæззау куысты фæстиуæгæн кæй балхæдта, уыцы дзаумæттæм. Иннætæ дзырдтой, йæ туфлитæ йæ роны чи батъыста, уый æгæр зыд æмæ кæрæф у, Хуыцауыл нæ, фæлæ йæ мулкыл чи хъуыды кæны, ахæм.

Нæлгоймæгтæ мæзджытæй куы рацыдысты, уæд сæ бафарстой, афтæ цæмæ бакодтат, зæгъгæ.

Фыццаг дзуапп ратта:

– Æз мæ туфлитæ раластон, цæмæй сæ давынвæнд чи скæна, уымæн рæстæг уа йæ фæндыл ахъуыды кæнын æмæ йыл æрфæсмон кæныныл. Афтæмæй йæхицæн удыбæстæ скæндзæн. Æз мæ туфлитæ мемæ куы бахастаин, уæд, мæ фæстæ мæзджытмæ чи цæуы, уыдонмæ æнæууæнкдзинад равдыстаин.

Дыккаг загъта:

– Æз мæ туфлитæ мемæ бахастон, уымæн æмæ сæ æддæдуар куы ныууагътаин, уæд искæмæ сæвзæрдаид сæ адавыны хъуыды, æмæ тæригъæддзинад бакуыстаид.

**Адæймаджы базылынджын кæнын æмбæлы исты хъуыддаджы тыххæй, цæмæ афтæ бакодта, уый куы нæ зонай, уæд. Æмæ ма ноджыдæр: адæймаг алкæддæр йæхи сраст кæнын базондзæн, цыфæнды хъуыдытæ йæм куы уа, уæддæр.**

## Иуæн – аддæжын, иннæмæн – маргджын



Насреддин базары фæцæйцыд æмæ фехъуыста, æндæр бæстæй æрбацæуæг, йæ алыварс чи уыд, уыдонæн йæ дины амынддзинæдтæ куыд дзырдта, уый:

– Алкæмæ дæр дæм искæмæ ахæм ахастдзинад хъуамæ уа, дæхимæ дæ искæмæй цавæр ахастдзинад хъæуы, ахæм.

Уымæн ын Насреддин ахæм цæвиттон æрхаста:

– Дунейыл ис, маргджын мæнæргъытæ чи хæры, ахæм алæмæты диссаджы мæргътæ. Иуахæмы уыцы мæргътæй иу маргджын мæнæргъытæй иу гыццыл æрæмбырд кодта æмæ дзы йæ хæлар бæхæн бахæрын кодта. Бæх ныххæдмæл.

Мах фæйнæхуызон стæм. Æмæ иуæн хорз цы у, уый иннæмæн тынг æвзæр разындзæн.

**Ад æмæ хуызмæ гæсгæ æмбæлттæ нæй.**

## Сырдты паддзах æмæ цагъайраг



Йæ хицауы иудадзыг тыхджын нæдтытæй куы нал фæрæзта, уæд цагъайраг йæ рæхыстæ атыдта æмæ алыгъд. Ромы уынгтæ фæсте аззадысты, быдырты сæрты хъæдмæ баирвæзт æмæ иу лæгæты дуармæ фырфæлладæй æрхауд.

Уалынмæ фыртæссæй базыр-зыр кодта, уымæн æмæ лæгæтæй дынджыр домбай рахызт. Сырд ын йæ уæрджытыл, туг кæмæй лæдæрст, уыцы дзæмбы æрæвæрдта. Йæ даргъ фисты бынæй зынди стыр сындз. Цагъайраг дзæмбыйæ сындз стыдта æмæ дарддæр лидзынмæ фæци, фæсте йæ чи сырдта, уыдонæй.

Бирæ фæрахау-бахауы фæстæ йæ æрцахстой æмæ йæ фæстæмæ Роммæ арбакодтой. Кæй алыгъд, уый тыххæй йын стонг домбаймæ йæ хъарутæ бавзарыны тæрхон рахастой. Адæмы цингæнгæ стыр тыгуыры раз æй аренæмæ домбаймæ баппæрстой. Фæлæ – диссаг! Домбай разынд, цагъайраг кæддæр тыхджын рисæй кæй фервæзын кодта, уый. Кæд домбай стонг æмæ тасæй мард, уæддæр йæ ирвæзынгæнæджы базыдта æмæ йæ къæхты раз куыдзау сбадт. Фырдиссагæй адæм фæхъус сты, император та цагъайраджы суæгъд кодта.

**Хъæддаг сырдтæ дæр ма хорздзинад æмбарынц**

## Паддзахы къæлæтджыныл тох



Царди иу уæздан, зонынджын æмæ хъæздыг паддзах. Уыдис ын, тынг бирæ кæй уарзта, ахæм ус. Сылгоймаг æддæдзаст уыди, йæ лæджы нæ уарзта, фæлæ йæ хæзгултæй æртæ фырты ныййардта. Уыдон паддзахмæ фыдзæрдæ дардтой, йæхи хуызæн ницæмæй уыдысты. Фæстæдæр сылгоймаг паддзахæй ныййардта цыппæрæймаг лæппу.

Йæ рæстæг куы ’рцыд, уæд паддзах амард, æмæ йæ, паддзæхты цы зæппадзы æвæрдтой, уым бавæрдтой. Æфсымæртæ кæрæдзимæ фесты, алкæйы дæр дзы фæндыд паддзахы къæлæтджыны сбадын. Æппынфæстаг зонынджынмæ бацыдысты, цæмæй сын исты уынаффæ бакæна. Æмæ сын уый загъта: «Йæ фат паддзахы буары арфдæр кæмæн бацæуа, уый уыдзæн ног паддзах».

Хистæр фырт паддзахы рахиз къух фæцæф кодта. Дыккаджы фат ын йе уæхск ныппырх кодта. Æртыккаджы фат йæ тæккæ зæрдæйы ныссагъд, æмæ цин кодта, паддзахы бынат мæн у, зæгъгæ. Цыппæрæм, йæ мард фыды размæ æрлæугæйæ, загъта:

– Мæ фыд, никæд уыдзæн афтæ, æмæ æз мæ фыды, мард у æви æгас, ницыхуызы фæцæф кæндзынæн. Горæты цæрджытæ йæ, уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, сæ уæлныхты систой æмæ йæ, куыд йæ æцæг фырты, сбадын кодтой паддзахы къæлæтджыны.

**Искæйы мæрдтыл цæугæйæ, дæ нысанмæ никæд бахæццæ уыдзынæ.**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



# Хъæугæ лæвар нæ кæстæртæн



**Дзæуджыхъæуы сæрмæ хъæды хъæбысы, кæддæр пионерты лагерь «Орленок» кæм уыд, уым ныр къорд азы ис, æххуысхъуаг чи у, уыцы кæстæрты реабилитацийы центр «Хæххон уæлдæф».**

Ацы ран фæкæсинаг кæстæртимæ цæуы куыд хъомыладон, афтæ, физикон æгъдауæй фидар æмæ æнæниз цæмæй уой, ууыл зæрдиаг куыст.

Уый тыххæй центры кусджытæ се 'ххуысгæнджытимæ архайынц сæ хъомылгæнинæгтæн хъæугæ уавæртæ саразынил.

Мæнæ та ацы бонты, 27 августы «Хæххон уæлдæф»-ы кадджын уавæры байгом кодтой ног спортивон фæз. Бæрæгбоны архайдтой: РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министрады кусджытæ, Ирыстоны спорты ветерантæ, зындгонд тренертæ, Мæскуыйæ ссæуæг хæрзаудæн фонд «Созвездие добра»-йы минæвар Витали Мнацаканов, РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министр, Уæрæсейы Хъæбатыр Абайты Юри, Уæрæсейы сгуыхт тренертæ Уруймæгты Владимир, Гиоты Владислав, паддзахадон æмæ æхсæнадон куыстуæтты минæвæрттæ...

Спортивон фæз арæзт æрцыд абоны домæнтæм гæсгæ. Уый тыххæй Мæскуыйæ ссæуæг, хæрзаудæн фонд «Созвездие добра»-йы саразджытæй иу Юри Мнацаканов загъта: «Æхсызгон нын у Дзæуджыхъæуы ацы фæз арæзт кæй æрцыди, уый. Мах нæ фонды ирыстойнаг æмгусджытимæ, кæрæдзиимæ фембæлгæйæ, фæнд рахастам «Хæххон уæлдæф»-ы уæвæг кæстæртæн: футбол, баскетбол æмæ волейболæй хъазæн фæз саразын. Уыцы хъуыддаджы нæ фарсмæ æрбалæууыдысты РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министрады кусджытæ. Уымæй уæлдай ма йе 'ххуысы хай бахаста РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрад, йæ сæргъы Уæрæсейы Хъæбатыр Абайты Юри, афтæмæй. Сæрмагонд арфæ кæнæм компани «Лига ставок»-æн. Куыд уынут, афтæмæй нæ иумæйаг фæндон нæ къухы бафтыд æмæ уырны, ацы спортивон фæз пайдайы хос кæй уыдзæн нæ кæстæртæн!»

Ахæм лæвар чи скодта, уыдонæн зæрдиаг арфæ ракодта Уæрæсейы сгуыхт тренер Гиоты Владислав: «Махæн, куыд хистæртæн, тынг æхсызгон у, нæ кæстæртæн ахæм æххуысгæнджытæ кæй ис, уый. Спортивон фæзтæ æмæ залтæ æхсызгонæй хъæуынц кæстæртимæ хъомыладон куысты. Спорт пайдайы хос у æвзонг адæймагæн царды зындзинæдтимæ æнтыстджынæй тох кæнынæн. Адæймаг æнæниз æмæ уæнгтæй фидар куы уа, уæд зындзинæдтæй нæ тæрсы. Ноджы ма спортæй уæлдай ахуырад æмæ æгъдауыл хæст куы уа, уæд æнæмæнг хъæугæ адæймаг уыдзæн куыд хиуæттæн, афтæ æхсæнадæн дæр. Стыр арфæйы аккаг сты нæ республикæйы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады æмæ нæм Мæскуыйæ чи ссыди æххуысимæ, уыцы адæймæгтæ. Ам, æрдзы хъæбысы, сарæзтой тынг хъæугæ рæсугъд спортивон фæз, æмæ ма сæм цы бирæ хорз фæндтæ ис, уыдон скæнын дæр сын куыд бантыса, уый Хуыцауы цæст бауарзæд!»

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Номарæн

# Победæйы уды рухс



Хорз хистæр цардæй куы ацæуы, уæд, йæ алыварс чи уыд, хурау йæ уды хъармæй, фæлмæн ныхасæй, хъуыддаджы хорзæй, армы бæркадæй, адæймагдзинадæй хорзы цы æмкусджытæн, бирæ хæлæрттæн, хиуæттæн цыд, уыдон цыма удæй æмæ зæрдæйы уагæй фæкъахыр, фæмæгуырдæр вæййынц, афтæ фæзыны...

Раст ахæм адæймаг, дæсны журналист æмæ редактор, сфæлдыстадон фæлтæрыл аудæг цæстуарзон, зондджын æмæ фендджын хистæр уыд Хестанты-Бутаты Победæ – ирон æвзаг æмæ аив дзырд арф æмæ бæстон æнкъараг зæрдæ æмæ зонды хицау. Зæрдæхæлар, кæддæриддæр тыхст адæймагæн йæ къух фæрог кæнынмæ цæттæ чи уыд, ахæм хæрзудыхъæды хицау. Йæ царды 40 азæй фылдæр Победæ уыд газет «Рæстдзинад»-ы фæрцы æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиойы фæрцы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны цæрæг ирон дзыллæйы фæлтæртæн, сæ удварн æмæ зондæн фарны лæггадгæнæг.

Ирон æвзаг, фыдæлты истори, философи æмæ культурæ, æгъдауы мидистæ арф æмæ бындуронæй зыдта æмæ сæ æнкъардта.

Победæйы алы æрмæджы дæр уыд арф мидис æмæ хъуыды, уд æмæ зæрдæйы къæртт, ирд цæхæр æвæрд. Никуы батагъд кодта, суанг хуымæтæг хъусынгæнинаг дæр, радиойы информацион рауагъдмæ талфтулф фыстæй диктормæ раттынил. Никуы арвыста, буцæй «мæ цæгат» кæй хуыдта, уыцы газет «Рæстдзинад»-мæ уæлæнгай фыст очерк, уац мыхуыр кæнынмæ. Йæ фыст æмæ йæ ныхас куыд аив уыдысты, афтæ зæрдæагайгæ уыд йæ ахаст æрыгон уацхæсджытæм, Цæгат Ирыстоны паддахадон радиойы журналистты, редакторты, техникон кусджыты алы фæлтæртæм. Никуы сæ никæйы зæрдæхудты бацыд, никуы сæ никæйы зæрдæ фæриссын кодта, ныхасæй нæ, фæлæ зул æнæрвæссон, схъæл ныхас æмæ цæстæнгасæй дæр. Æдздзухдæр уыд цардбæллон, хъæлдзæг, цыргъзонд ныхасгæнæг. Микрофоны цур бадгæйæ кæнæ йæ кусæнуаты радон æрмæгыл кусгæйæ уыд бæстон æмæ бæлвырд. Æнæрхъуыды, былалгъ ныхас дзы никуы сирвæзт. Йæ фарсмæ бадын, лæууын, йемæ ныхас кæнын, информацион кæнæ аивадон-литературон æрмæг цæттæ кæнын уыд зонд, зæрдæйы рухс, цард æмæ дæсныйады фæлтæрдзинады стыр æмæ бындурон скъола.

Йæ профессионалон, сфæлдыстадон гæнæнтæн æмæ адæймагдзинады фæзминагдæр миниуджытæн ын аргъ кодтой, нымадтой йæ зындгонд политиктæ, барады, уæлдæр æмæ астæуккаг ахуырады, спорты, хъæууон хæдзарады, культурæ æмæ аивады кусджытæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ, йе 'мкусджытæ, йæ бирæ зонгæтæ æмæ хæлæрттæ. Се 'ппæт дæр æм дардтой хæлар, уарзон, хо, мады, тугхæстæджы зæрдæ. Йæ цард æмæ сфæлдыстадон архайды йæ бон уыд уæлдæр æмæ хуыздæр бынæттæ ахсын дæр, хи царды фадæттæ хуыздæр рацаразын. Фæлæ хицау, разамонæджы бынатмæ никуы бабæллыд. Нæдæр йæхи царды фадæттæ хуыздæр рацаразынил архайдта. Кадджын нæмттæ æмæ хорзæхтæм дæр никуы бабæллыд. Уый хыгъд æй уыд сæдæгай радиомæхъусджыты, газет «Рæстдзинад»-ы, журнал «Мах дуг» кæсджыты стыр арфæ æмæ хорзæх. Йæ ном ын адæмы æхсæн куы сдзырдтаис, уæд иу лæджы цæсгом хурау барухс, æмæ-иу сдзырдта, уый нæхи гыццыл Победæ у. куыд нæ йæ зонæм, зæгъгæ. Уый та æппæты стырдæр хорзæх у адæймаджы царды.

Курдиатджын журналист æмæ тæлмацгæнæг, уæздан æмæ цæстуарзон хистæр Хестанты-Бутаты Победæйы æвæрæн бон, Дзæуджыхъæуы цы хæдзары цард, уырдæм бирæ адæм æрбамбырд. Цы зæрдиаг цæссыг фæкалдтой йæ табæты цур, цы зæрдæбын ныхæстæ загътой йæ удыхъæд æмæ зæрдæйы бирæ хорзæхты тыххæй, уый уынгæйæ, афтæ зæгъæн ис, æмæ Победæ йæ царды алы акъахдзæфæй æмæ йæ уарзон ирон адæмы бирæ фæлтæртæн удварны хорз æмæ бæстон лæггадæй самадта йæ ном æмæ сфæлдыстадон æрмдзæфы аив зæрин мæсыг. Ирыстоны йын уыд, кæд сылгоймаг уыд, уæддæр, хорз уæздан лæджы кад.... Йæ хорз ном, йе сфæлдыстадон курдиаты хуынтæ сты æмæ уыдзысты цæринаг æмæ сфæлдыстадон куыстмæ тырнæг фæлтæрæн зонинаг æмæ ахъаззаг дæнцæджы хос...

**ГАСАНТЫ Валери**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ**: 7. Зоб. 8. Иу къухы хæссинаг. 9. Бæхы згъорд. 11. Къостайы æмдзæвгæ. 12. Тæхæг маргъ. 16. Цæугæдон Сыбыры. 17. Гæбаз, схъис. 18. Æлвисæн дзаума. 21. Бирæ хойраг, исбон. 23. Кæй уарзыс, уый. 27. Горæт Сыбыры. 29. Уæлдæр æнтыст спорты. 30. Хъæууонхæдзарадон продукт. 31. Æмдых. 35. Сыгъдæг уæлдæфы æрбаулæфт. 36. Сæры хай. 37. Стыр калм. 38. Сахъ, æвзыгъд, сæрæн.

**БЫНЫРДÆМ**: 1. Давæг, алцы йæхицæн агурæг. 2. Æххуыс. 3. Зæронд документтæ æвæрæн. 4. Къахы хай. 5. Гæбаз, схъис. 6. Æрæгмæ моймæдзыд чызг. 10. Къостайы æмдзæвгæ. 11. Фосы бынат. 13. Бузныджы ныхас. 14. 1812 азы хæсты хъæбатыр. 15. Наукæ. 19. Йæ сæр кæмæн систой, ахæм мæкъуыл. 20. Лæппынвос. 22. Дзыхыдзагæй хæрын. 24. Астæу.25. Сæргълæууæг. 26. Къантор. 28. Хъæдын похци. 31. Уæлæдарæс. 32. Иу азы гуырд æмбал. 33. Спорты хуыз. 34. Бæласы мыггаг.

## Дзуаппытæ 22 августы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:**

7. Сæрхъæд. 8. Академи. 11. Æртæх. 12. Итали. 13. Драматург. 17. Æгънæг. 20. Хæмпус. 21. Тæрхъус. 22. Æнтыд. 23. Æрдзæ. 24. Зæвæт. 25. Фидар. 26. Акулæ. 29. Хъуаз. 31. Хæринаг. 32. Тæхсæл. 33. «Саломи». 37. «Таухæрæны». 41. «Дзиго». 42. Цухъа. 43. Дуртула. 44. Æгæссад.

**БЫНЫРДÆМ:**

1. Мæлæт. 2. Чъеури. 3. Æдзæм. 4. Хамут. 5. Камари. 6. Амати. 9. Æрнигон. 10. Алгъуыз. 14. Арахъхъ. 15. Кæрдзæвæг. 16. Тætæрхъан. 18. Сæтæлæг. 19. Суринам. 27. Къæндзы. 28. Зилгæ. 30. Армукъа. 34. «Залдуз». 35. Æнхъæл. 36. Агъуд. 38. Хæрам. 39. Рæтæн. 40. Рувас.

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.:**
**8-961-821-90-88.**

**Металлоизделия:**
**ворота, двери,**
**навесы из лексана,**
**металлоконструкции**
**любой сложности.**
**Тел.:**
**8-928-928-88-24.**



**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.:**
**8-918-702-00-82**
**(Казбек).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот.**
**Тел.: 8-918-706-65-15**
**(Казбек).**

**Выполняем ремонтные работы:**
**шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат.**
**Тел.:**
**8-989-039-78-89**
**(Казбек).**

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках.**
**Доставка.**
**Тел.:**
**8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83**
**(Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2411. Заказ № 943. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**